Ассаламу гIалайкум!

# ГЬУДУЛЛЪИ

№54-55 (9697-9698)

2015 соналъул 5 июнь

РУЗМАН

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

## 1 ИЮНЬ-ЛЪИМАЛ ЦIУНИЯЛЪУЛ КЪО

Гьаб соналъул 1 июналда районалъул Культураялъул рокъоб тIобитIана «1 июнь-Лъимал цIуниялъул къоялъул» байрамалда хурхун рохалилаб тадбир. Гьеб рохалилаб тадбир



баркун кIалъазе вахъана районалъул культураялъул управлениялъул нухмалъулев **ГIумаров МухIамад.**

Гьес киназдаго баркана «1 июнь-Лъимал цIуниялъул къо». Гьарана киназего ракълилаб зоб, хъизаналъулаб талихI ва лъималаздаса рохел гьарзалъи.

-Культураялъул хIалтIухъабаз гьадинал тадбирал тIоритIияль халкъазда гьоркьоб бижинабула гьуинлъи ва гъунки. ЦIикIкIараб кIвар кьола халкъалъул миллияб культура, фольклор, умумузул гIадат цIи гьабиялъе ва цIуниялъе ва гIадамазул гьелде рокьи бижинабиялъе,-ян абуна гьес.

Гьесдаса хадуб гьеб тадбир бачуней ПатIимат Набиевалъги киназдаго баркана «Лъимал цIуниялъул» байрамкъо.

-Биччанте нужер бищунго талихIал лъимерлъиялъулал сонал нужеда ракIалда чIезе цохIо лъикIаб рахъалдаса,-янги абун гьелъ жидерго кечI ахIизе ва кьурдизе бугеб махщел загьир гьабизе сценаялда ахIана реабилитационнияб централъул гьитIичал.

ГIенеккаразул рекIелъе бортулеб букIана реабилитационнияб централъул гьитIичаз ахIараб Расул ХIамзатовасул «Къункъраби» абураб кечI, цIаларал кучIдул. «Солнышко» ясли-ахалъул гьитIичазги бихьизабуна кьурдизеги кечI ахIизеги жидерго бугеб гьунар ва махщел. Бищунго ракIал хIайран гьаруна «Родничок» ясли-ахалъул гьитIичазул кучIдул рекIедаса цIализеги, кечI ахIизеги, кьурдизеги гьезул бугеб махщелалъ. Балагьизе кутакалда рачIараз хьат чIвалеб букIана гьитIичаз рихьизарурал «Лезгинка», «Восточный танец», «Танец голубей», «Крылья» абурал кьурдабазул церерахъиналъе. Щибаб кьурдиялъул церерахъиналда данде кколеб букIана гьезул ратIлилаб формаги. Бихьулеб букIана ясли-ахазул воспитательницабаз гьеб тадбиралда гIахьаллъиялъе гьитIичал лъикI хIадурун рукIин.

ЛъикIаб букIана «Чебурашка» ясли-ахалъул гьитIичазул церерахъинги. Гьезги махщалида цIалана, ахIана кучIдул, рихьизаруна кьурдаби ва пародиял.

Гьединго кечI цIализеги, ахIизеги жидерго бугеб гьунар бихьизабуна Гумбет районалдаса рачIарал цIалдохъабаз-гьалбадерица.

Тадбир лъугьун хадуб культураялъул управлениялъул начальник М. ГIумаровас грамотаби кьуна асфальталда рахъарал суратазул къецазулъ бергьарал реабилитационнияб централъул воспитанница Ф. ХIайбулаеваялъе ва Болъихъ №1 гьоркьохьеб школалъул цIалдохъабазе.




Гьединго грамотаби кьуна «Чебурашка», «Солнышко», «Родничок» ясли-ахазул ва реабилитационнияб централъул нухмалъулезе.

Гьединго гьеб рохалилаб байрамкъоялда гIахьаллъизе рачIаралщиназе гIисиназеги чIахIиязеги кьуна мороженое.

*З. ГIУМАРОВА.*

ЩИВГО КIОЧОН ГЬЕЧIО, ЩИБГО КIОЧОН ГЬЕЧIО!

## РАГЪУХЪАН ЗАХIМАТАЛЪУЛАБ ФРОНТАЛДЕ ВАЧАНА КЪИСМАТАЛЪ

КIудияб ВатIанияб рагъда Советхалкъалъги ва гьелъул цIар рагIараб БагIараб Армиялъги цадахъ 1945 соналъул маялда гитлерилаб Германиялда тIад КIудияб Бергьенлъи босиялъул 70 сонилаб юбилеялъ нилъер улкаялъул тIолабго халкъалъулъ ва гьелдаго цадахъ районалъул гIадамазулъги, хасго гIун рачIунел гIелазулъги цIи ва щула гьабуна унго-унгояб патриотизмги, гьеб Бергьенлъиялдаса бугеб чIухIиги ва гьелъие гIоло кьалул майданалда бахIарчиго рагъулел рукIараздеги ва фронт яргъидалъунги ва цогидаб хIажатабщиналда лъунги хьезабиялъе гIоло халкъияб магIишаталда къасиги-къадги кьижичIого хIалтIулел рукIараздеги хIурматгун божилъи. Гьеб гвангъун бихьулебги загьирлъулебги букIана улкаялъул тахшагьар Москваялъул БагIараб майданалдехунги Россиялъул киналго шагьаразулгун районазул бетIерал майданаздехунги унел рукIарал нус азаазар ва миллионал гражданаздасаги ва гьезул гьурмазулъ букIараб рохел-хинлъиялдасаги. Ва гьединго гьезул гIемерисезухъ рукIарал жиде-жидерго умумузулги гIагаразулги-суратаздасанги.

Гьединаб ахIвал-хIал букIана 9 Маялда нилъер районалдаги. Амма киназулго гьеб рохалил гьварилъуда загьирлъулеб букIана кIудияб пашманлъиги. БукIинаребги кинха, КIудияб ВатIанияб рагъул гIассилъиги, балагьалги ва инсанасулал камиялги Совет Союзалъул цониги хъизаналъул хьолбохъан инчIелъул. Гьеб рагъулал балагьалги, гьениб тушманасда тIад нилъер ВатIаналъ босараб КIудияб Бергьенлъиги рукIана ва рукIине руго СССРалъул халкъалъул гIаммалльун…

Дирго пикруялда, 9 Маялда районалъул байрамалде унеб демонстрациялъул гIахьалчагIазул бищун цIикIкIун бер речIчIулеб бакIал рукIана цIар лъаларев солдатасе бугеб памятникги, «Чебурашка» ясли-ахалда цебеса унеб Бергьенлъиялъул аллеялда бахьинабун букIараб районалъулго рагъулгун захIматалъул ветераназул сураталгун кIудияб ва берцинго къачIараб стенд, РФялъул Президент В. Путинидаса байбихьун КIудияб Бергьенлъиялъул полководцазул чIахIиял суратал…

Амма демонстрациялде унагоги, рохалилаб митинг баркун нахъе унагоги цIикIкIун гIадамал лъалхъулел рукIана доб стендалда цере. Гьезул щивас цIехолел рукIана жиде-жидер умумузулги гIагарал-божаразулги, хIатта, росуцоязулгицин рагъулгун захIматалъул ветераназул суратал. Гьезулгоязда рельлъараб мурадгун суратазде балагьулев вукIарав дир хьолбохъ гьебго ишалда вугоан район тун къватIивги машгьурав исламияв гIалим, Болъихъ росулъев АхIмадудин-хIажиги. Дир салам буссинабун хадурго гьев гIедегIана дида КIудияб Бергьенлъиялъул 70 сонилаб юбилей баркизе. Гьесдаги гьеб баркулаго, дица гьесда цIехана берчIвазе умумузул, яги гIагарал-божаразул суратал ратулел ругищан.-

-Валлагь ШагIбан,-ян абуна гьес,-битIараб бицанани, бищунго цебе бихьизе бокьун букIана кIиго соналъ цIа боркьараб рагъдаги вукIун, захIматго лъукъиялъ рукъове витIарав дирго инсул сурат. Гьаб хIадур гьабуразухъ букIун батиларoха.

Ахир 2 гьум.

ЩИВГО КIОЧОН ГЬЕЧIО, ЩИБГО КIОЧОН ГЬЕЧIО!

## РАГЪУХЪАН ЗАХIМАТАЛЪУЛАБ ФРОНТАЛДЕ ВАЧАНА КЪИСМАТАЛЪ

*(Авал 1-гьум.)*

Щиб гьабилеб, тIаса лъугьун чIей гуреб,-ян пашманго абуна гIалимас. -Амма,-ян абуна хадубго, гьеб батараб кинниги вохана инсул рагъулав гьудул-гьалмагъ ва КIудияб Бергьенлъи босун тIад вуссиндалги гьудуллъи кIочене течIого гьеб гьоболлъиялде сверизабурав, РахатIа росулъев СагIдуев МухIамадил сураталде тIаде ккедал. Гьедин абулаго, АхIмадудин-хIажи лъугьуна жиндиего бер чIвазе бокьарал суратазде валагьизе.

Ниж ратIалъана гьенир. Амма дир суалалъе жаваб кьолаго гьес бицаралъ ургъизе тIамурав дун, пикрабалъ тIад вуссана араб гIасруялъул ункъоабилел соназде. Гьел соназ мунагьал чураяв СагIдуев МухIамад лъугьун вукIана «Коммунизмалде нух» газеталъул божарав гьудуллъун (гьеб цIар букIана гьанжесеб «Гьудуллъиялъул»). Газеталда рахъизе гьес рачIунаан гьваридаб магIнаялъул иман-исламалда хурхарал гIун рачIунел гIелазе ВатIан бокьиялъулабги, умумузул рагъулабгун захIматалъулаб бахIарчилъиялъулги рухIалда тарбия кьеялъе пайдаял назмабиги харбалги. Гьелъулги цогидалъулги пикрабалъ вукIадго ракIалде бачIана гьес рагъул ва гьенир рукIарал гьалмагъзабазул бицунеб букIарабги.- Тушманасдаса рецIел босизе жив фронталде витIеян райвоенкоматалде арав гьесул лъикIаб лъай-хъвай ккун бугоан, гьебго мурадалъ гьенире рачIун рукIарал Болъихъ росулъел гIолохъаби ХIайбулаев МухIамадилгунги ва Окиев Абакарилгунги. КIиго къоялдаса фронталде ритIулелъулги цадахъ ккун ругоан. МахIачхъалаялда Окиев Абакар ватIалъун вуго. ХIайбулаевги СагIдуевги ва цогидалги ритIун руго Моздокалдехун, гьениса Ростов областалдехун араб гьезул полкалъ гIахьаллъи гьабун буго гьенир тушманасул кверщаликь рукIарал росаби эркен гьариялъулъ. Гьениса церехун унаго щун руго Украиналде, гIахьаллъи гьабун буго Харьков ва Сума шагьарал ва сверухълъи эркен гьабиялъулал кьабиязулъ. Гьениб цо росулъ сордо базе чIараб бакIалда гьезде пулеметалъулаб гьужум гьабизе байбихьула немцаз. Отделениялъул рагъухъабигун цадахъ ниж жанир рукIараб рукъобе миномёталъ рехун бачIун, мокърокь къан чIараб мина эхедеги кIанцIун ХIайбулаевас цо параялъ къватIибе рехун букIинчIебани, отделениялъул гIемер чи нахъе хутIизе вукIинчIо. Гьелъие гIоло МухIамад вихьизавуна «За отвагу» медалалъе.

1943 соналда Белоруссиялъул рахъалде щвараб полкалъ гIезегIанго ракьал эркен гьаруна тушбабаздаса. Цо нухалда гьениб маххул нухазул вокзал эркен гьабиялъе гьабулеб букIараб гьужумалъул захIматго лъукъун госпиталалде ккарав болъихъав ХIайбулаев МухIамад, кигIанго гьесие фронталде тIадвуссине бокьун букIаниги къисматалъ рокъове вачуна. Амма гьесул каранда рукIана рагъда бараб кIигогIанасеб соналда бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ къурал ВатIаналъул рагъулал шапакъатал.

МахIачхъалаялдаго нижедаса ватIалъарав ва битIахъего Сталинградалъулаб рахъалде ккарав Окиев Абакарги дунги рокъоре тIад руссана «КIудияб Бергьенлъиялдаса хадур,-ян бицун букIана СагIдуев МухIамадица…

Добго жиндирго творческияб мурадги тIубан нахъе унев вукIарав СагIдул МухIамад гьоболлъухъе вачунев вукIана дица. Амма гьес инкар гьабуна.-Дуда квеш бихьуге, дун цин тIадаб къагIидаялъ ине ккола дирго рагъулав гьудул, гьанжесев гьобол болъихъав (тIинпуч) ХIайбулагьил МухIамадихъе. ЦIакъго гьуинаб ва бацIцIадаб гьудуллъи буго нижер. ЦIакъго исламияб гIелмуялда тIадчIарав АхIмадудинян васги вуго гьесул. Гьесулгун цIакъ дандккола дир,-янги абун уна гьев…

Гьеле, гьебгощинаб история ракIалде щвана доб стендалда цебе АхIмадудин-хIажилгун ккараб гьитIинаб кIалъаялдаса хадуб…

***Ш. ЛАБАЗАНОВ.***

## ХIакъикъияб рокьи

Цоцазухъ гIашикълъун данделъана Завурги Зугьраги. Ригьнаде гьел лъугьун моцI тIубачIого байбихьана КIудияб ВатIанияб Рагъ. Завур, цогидал гIолохъабиго гIадин, гIарзаги кьун рагьде ана. Рагъдаса, гьоркьоса къотIичIого, рачIунел рукIана Завурил йокьулей чIужуялъухъе кагътал.

Рагъ лъугьизе лъабго моцIгIанасеб заман хутIараб мехелъ, Завурил кагъат-хабар къотIана. Рос чIаго ватиларин ккарай Зугьраца чIегIераб ретIел ретIана, макъу гьелъул тIагIана ва къварилъиялъ рохел хисана. БухIараб хIухьелги, бадиса чваххулеб магIуги цIикIкIана.

ЛъугIана рагъ, рагъдаса бахIарзал тIадруссине байбихьана, амма Завурил я хабар гьечIо, я кагъат гьечIоан. Зугьраца миноборонаялде запрос битIидал, жаваб бачIана Завур Киевалда рагъул инвалидазул рокъов вугилан.

Щибха ккараб нилъер Завурие. Берлиналде гIагарлъулеб мехалъ, пехотаялда вугев Завур, цогидалго гIадин, хъурщун цевехун унаго, минаялде тIаде ккун, госпиталалде щвезавуна. Гьениб операция гьабун, кIиябго махIуялдасаги, кIиябго гьежалдасаги ватIалъана, кIиябго берги беццлъана.

Миноборонаялдаса рос вугеб бакI лъарабго, Зугьраца рокъоб бугеб боцIи, мугь-хер, азбар-къоно бичун, Киевалде сапар бухьана.

Киев шагьаралда бугеб рагъул инвалидазул рокъое щун, Зугьра лъугьана Завур цIехезе. Чорхол батIи-батIиял лугбуздаса ратIалъарал, къаркъалаялда ругьназ гIужал тарал рагъул инвалидал рихьарай Зугьра, хIал хисун лъугьана, бераздаса магIу чвахизе байбихьана. Гьабулеб-толеб лъаларого йигей Зугьра, дежурство гьабулей медсестраялъ Завурил палатаялде ячана.

ГIаркьалаби къотIун гьоркь хутIараб гьотIол хIехьалда рельлъараб, ругьназ цIураб Завурил къаркъала бихьараб мехалъ, валлагь божулей йикIинчIо гьай жинда цеве, жинца рагьде тIовитIарав дов лага-черх берцинав рос гьав ватилилан, щайин абуни цохIо чIегIерал михьалги, ботIрол чIегIераб расги хутIизегIан кинабго хисунлъидал Завурил батараб.

-Вай, дир дарман Завур, гьадинабищха нилъер гIумруялъул къисмат букIараб, балагьалде данде ккагиха тIекъаб рагьде ургъулевщинав!-ан, Зугьраца чияр цIобалде ккарав Завурил хIетI-квер гьечIеб ва канлъиялдаса махIрумлъараб къулагIиги къвалакь бачун, гIодилаго, щварабщинаб бакI баизе лъугьана.

Зугьрал каранда бетIерги лъун, халатаб бухIараб хIухьелги биччан Завурица абуна:

-Унго дир тIубанго талихIкъей гIеларищ, хвелалдецебе цо нухалъгIаги дур берцинаб гьумерги, гьайбатаб лагаги бихьизе канлъигIаги хутIичIелъул, -ан Завурица абигун Зугьрал гьаракь борчIана.

-Вай Аллагь! Кинабго рагьул гIазаб Завурил къаркъалаялъищ бецIизе хьван букIараб! -илан, росасул къаркъала кIванагIан данде къан, гIодилаго абуна:

-Завур, мун чIаго хутIи гIела дие, дудаса хирияб жо гьаб дунялалда гьечIо дие, -ян.

Завурица кинабго гIагарлъи, росу, жамагIаталъул ахIвал-хIал цIехана. Зугьраца кинабго цIияб-лъияб росулъ, районалда, Дагъистаналда ккараб-тараб баян гьабуна росасе, квербацIалъ гьоркьо-гьоркьоб магIуги бацIцIулаго.

-Зугьра, гьанже берцинго гIенекке дихъ, мун жеги гIолохъанго йиго, дур рукIине ккола рос-рукъги, лъималги. Дица дуе изну щвезавун, цIидаса гIумру гьабизе байбихьизе. Дир жаниб рухI бугеб гьанал къулагIиялъе хъулухъ гьабулаго дуца гIумру биччай рекъараб букIинаро, дун хвезегIан хIукуматалъ гьаб рокъов хьихьизе вуго, дир ургъалида йикIинчIого берцинго рокъое нахъюссине ккела мун. Гьединлъидал букIана дица дунго вугеб бакI лъазабун кагъат духъе битIичIеб. Дида тIасаги лъугьа мун, -ан абигун, Завурил кIиябго бецццаб бералда жаниб магIу кунчIана.

-Валлагь теларо дица мун гьанив, кинал цере холелали Аллагьасда лъала, амма дун хвезегIан мун дир тIалабалда вукIина, гьелъие гIололъидал нилъ данделъун рукIарал. ВатIан цIунулаго гьазаваталдалъидал дуе унта-щокълъи ккараб, тIокIалъ гьединаб хабарги дуца бицунге, -ян жеги Завурги данде къан, гьесда чанцIулго баана Зугьраца.

Зугьраца цин Завурие протезал тIалаб гьарун, гьесда гьел ретIизаруна. Цинги гьелъ цIех-рех гьабун щвезавуна беразул операция гьабулев кIудияв хирург, ва гьесулгун къотIи-къайги гьабизе лъугьана Завурида цояб бералдагIаги канлъи бачIинаби мурадалда. Хирургас гьалъие рагIи кьуна чIагояб бер щвани, Завурида гьеб бер рекъезабизе. Зугьраца абуна хирургасда, жиндир цояб бер бахьун росасда лъезе жий рази йигилан, хвезегIан дунялалъул берцинлъиялдаса ракIгьун гьев вукIин мурадалда. Тохтурас цIакъ тамашалъи гьабуна магIарулалъул яхI-намус ва бахIарчилъи бихьидал.

Зугьра ва Завур хирургас къабул гьаруна сах гьарулеб централда. Гьениб тохтурзабаз операция гьабун, Завурил бецццлъараб цояб бер бахьана, ва гьелъул бакIалда, Зугьрал цояб бер хирургас малъухъе рекъезабуна. Зугьраца цояб бер жиндиего къураблъи, гьей цояб бер гьечIого йикьун хадусала гурони Завурида лъачIо, гьесие, чияр бер рекъезабулеб бугин абун бицун букIиндал.

ЧIужуялъ гьабун тараб бичIчIарабго, гьелда вагьизе, семизе лъугьана Завур:

-Я, гьарин Зугьра, щай дуца гьедигIан берцинаб дурго сипат-сурат хвезабун, дир чIунтараб лагаялда бер лъураб? -ан.

-ВатIан цIунулаго лага-черх чIунтиялде ккарав дуе, Завур, дирго рухIцин хIалал гьабила дица, -ян Завурида къвал бана Зугьраца, гьанже нилъ дурусго цо къагIидаялда балагьила нилъерго хадусеб гIумруялъухъ. Гьанже бегьила нилъ нилъерго Дагъистаналде тIад руссине, ВатIанги бихьизе, гIагарлъиги, гьудул-гьалмагълъиги бихьизе. Тохтурзабазе баркалаги кьун Завурги вачун, Зугьра Дагъистаналде тIад юссине къватIие яхъана

МахIачхъалаялъул вокзалалде гьел щваралго, зурма-къалигун Завуридаги Зугьрадаги дандчIвай гьабизе рачIана росуцоялги, гьудул-гьалмагълъиги, цоги лъалел-хъвалелги, районалъул ва республикаялъул вакилзабиги. Фашистаздаса эркен гьабураб ВатIаналдасаги, гьелъул бахIарчияб халкъалдасаги, хасго жиндирго бахIарчияй йокьулей Зугьрадасаги чIухIиялъ, протезазда жанир ругел бохдул кигIан унтун ругониги, Зугьраги данде яхъун унго-унгояб магIарул берцинаб къурди гьабуна Завурица.

***Халид СагIидов,***
***росу ГIашали.***

# Г Р А Ф И К

**отчетов перед населением участковых уполномоченных полиции ОМВД РФ по Ботлихскому району о проделанной работе за 1 полугодие 2015 года**

| № административного участка Ф и инициалы участкового уполномоченного полиции | Дата проведения отчета | Время проведения отчета | Место проведения отчета | Ответственный от руководства ОМВД | Отметка о проведении отчета. Наличие протокола |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 6 | 7 |
| Административный участок №1 с.Ботлих, УУП майор полиции Баширов А.А. | 14.07.2015г. | 14 час.30мин. | РДК с.Ботлих | Зам. начальника полиции по ООП Набиев Х.М. | |
| Административный участок №2 с.Ботлих, УУП капитан полиции Дербишев Л.М. | | | | | |
| Административный участок №3 с.Ботлих, УУП капитан полиции Абдулаев А.М. | | | | | |
| Административный участок №4 с.Ботлих, УУП капитан полиции Набиев М.Р. | | | | | |
| Административный участок №5 с.Миарсо, ст. УУП майор полиции Абдурахманов Г.М. | 14.07.2015г. | 14час.00мин. | Двор адм. с.Миарсо | Начальник ОГИБДД Гусейнов Ш.А. | |
| Административный участок №6 с.Годобери, УУП майор полиции Магомаалиев М.Ш. | 14.07.2015г. | 14час.30мин. | Центр «годекан» с.Годобери | Врио начальника полиции Гусейнов М.М. | |
| Административный участок №7 с.Н.Алак, Хелетури УУП капитан полиции Набиев Г.А. | 10.07.2015г. | 14час.00мин | Центр с.Н.Алак | Зам.начальника полиции по ООП Набиев Х.М. | |
| | 10.07.2015г. | 10 час.00мин. | «Годекан» с.Хелетури | | |
| Административный участок №8 с.Н.Инхело, с.Кванхидатли. УУП капитан полиции Гасаналиев Г.М. | 17.07.2015г. | 14час.30мин. | Центр с.Н.Инхело | Начальник ОУУП и ПДН Азаев М.А. | |
| | 16.07.2015г. | 10час.00мин. | Адм.с.Кванхидатли | | |
| Административный участок №10 с.Муни, УУП ст. лейтенант полиции Гитинов А.Р. | 10.07.2015г. | 15 час.00мин. | центр с. Муни | Начальник ОУУП Азаев М.А. | |
| Административный участок №11 с.Тлох, УУП ст. лейтенант полиции Турулаев А.А. | 10.07.2015г. | 13час. 10 мин. | Центр с. Тлох | Врио начальника полиции Гусенов М.М. | |
| Административный участок №1 (Анди. ТПП) с.Анди, УУП майор полиции Магомедмухтаров А.А. | 24.07.2015г. | 14час.00мин. | Адм. с.Анди | Пом. начальника по РЛС Байсулаев Г.Г. | |
| Административный участок №2 (Анди. ТПП) с.Гагатли, Чанко УУП майор полиции Ахедов Р.М. | 14.07.2015г. | 14 час.00мин. | Годеканс.Гагатли | Начальник д/ч Умайгаджиев М.Ш. | |
| | 16.07.2015г. | 14час.00мин. | Адм. с.Чанко | | |
| Административный участок №3 (Анди. ТПП) с.Риквани, Ашали, ст. УУП майор полиции Нажмудинов Х.Т. | 10.07.2015г. | 13час.00мин. | Тер. адм. с.Риквани | Инспектор комендантской группы Нуцалханов Н. | |
| | 10.07.2015г. | 10час.00мин. | Тер.адм. с.Ашали | | |
| Административный участок №4 (Анди. ТПП) с.Зило, Кижани, УУП капитан полиции Алдатов М.М. | 17.07.2015г. | 14 час.00мин. | Администрация с.Зило | Старший инспектор КГ Магомедов А.Ш. | |
| | 17.07.2015г. | 10 час.00 мин. | Территория адм. с.Зило | | |
| Административный участок №1 (Ансалта. ОП) с.Ансалта, УУП майор полиции Гасанов М. | 10.07.2015г. | 14 час.00мин. | Центр с.Ансалта | Зам. начальника полиции по ООП Набиев Х.М. | |
| Административный участок №2 (Ансалта. ОП) с.Рахата, Тандо, УУП ст. лейтенант полиции Мичошоев Ш.А. | 24.07.2015г. | 15 час.00мин. | Центр с.Рахата | Нач .штаба ОМВД Айгубов А. М. | |
| | 24.07.2015г. | 14час.00мин. | Адм. с.Тандо | о/у ОУР Магомедалиев И. | |
| Административный участок №3 (Ансалта. ОП) с. Шодрода, УУП лейтенант полиции Убайдулаев Г.М. | 17.07.2015г. | 14час.20мин. | «Годекан» с.Шодрода | Начальник ИВС Меджидов А. | |

**Начальник ОУУП ОМВД РФ по Ботлихскому району подполковник полиции Азаев М.А.**

# Г Р А Ф И К

## приема граждан участковыми уполномоченными полиции отдела МВД России по Ботлихскому району

| № адм. участка | Административные участки (н.п.) | Ф.И.О. обслуж. адм. участок | Ф.И.О. заменяющего УУП | УПП (№ и адрес) | График приема граждан: дны приема | часы приема | номер телефона УУП |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | сел. Ботлих (правая сторона от автодороги, подстанция, мост Н.Ботлих). | Баширов А.А. | Дербишев Л.М. | №1<br>с. Ботлих<br>(центр) | вторник<br>пятница<br>воскресенье | с 17 до 20 час.<br>с 09.до 12 час.<br>с 10 до 14 час. | 89898831979 |
| 2. | сел. Ботлих(левая сторона от автодороги, подстанция, мост Н.Ботлих) | Дербишев Л.М. | Баширов А.А. | | понедельник<br>четверг<br>суббота | с 17 до 20 час.<br>с 09.до 12 час.<br>с 14 до 17 час. | 89604199866 |
| 3. | с.Ботлих-микрорайон (правая сторона от а/д, дом Муртазалиева Ч.- водозабор, а/д городок –Тандо) с.Тасута | Абдулаев А.М. | Набиев М.Р. | №2<br>с. Ботлих-<br>микро-район<br>(центр) | понедельник<br>четверг<br>воскресенье | с 17 до 20 час.<br>с 09до 12 час.<br>с 14 до 17 час. | 89034231123<br>89894698228 |
| 4. | с. Ботлих-микрорайон<br>(левая сторона) | Набиев М.Р. | Абдулаев А.М. | | вторник<br>пятница<br>суббота | с 17 до 20 час.<br>с 09.до 12 час.<br>с 14 до 17 час. | 89288092402 |
| 5. | сел. Миарсо, Ашино (военный городок) | Абдурахманов Г.М. | Набиев М.Р. | №3 с.Миарсо (в здании адм.) | вторник<br>пятница<br>суббота | с 17 до 20 час.<br>с 09 до 12 час.<br>с 10 до 14 час. | 89633732124 |
| 6. | сел.Годобери | Магомаалиев М.Ш. | Набиев Г.А. | №4 с.Годобери (в здании админист.) | вторник<br>пятница<br>воскресенье | с 17 до 20 час.<br>с 09.до 12 час.<br>с 14 до 17 час. | 89633755828 |
| 7. | сел.Н.Алак,<br><br>В. Алак,<br>Хелетури | Набиев Г.А. | Гасаналиев Г.М. | №5 с.Алак<br>(в здании админист.) | вторник<br>пятница<br>воскресенье<br>четверг | с 17 до 20 час.<br>с 09.до 12 час.<br>с 10 до 14 час.<br>с 10 до14 час | 89285500324 |
| 8. | сел. Н. Инхело<br><br><br><br>сел. Кванхидатли | Гасаналиев Г.М. | Набиев Г.А. | №6 с.Н.Инхело<br>(в здании админист.) | понедельник<br>пятница<br><br>четверг<br>суббота | с 18 до 20 час.<br>с 09.до 12 час.<br><br><br>с 09 до 12 час<br>с 14 до 17 час | 89064823013 |
| 9. | сел. Муни,<br><br><br><br>Ортоколо | Гитинов А.Р. | Турулаев А.А. | №7<br>с.Муни<br>(в здании админист.)<br>(зд. школы) | вторник<br>пятница<br>воскресенье<br><br>четверг | с 17 до 20 час.<br>с 09.до 12 час.<br>с 14 до 17 час.<br><br>с 09 до 12 час | 89882222216 |
| 10. | сел. Тлох | Турулаев А.А. | Гитинов А.Р. | №8с.Тлох<br>(центр) | вторник<br>пятница<br>воскресенье | с 17 до 20 час.<br>с 09.до 12 час.<br>с 10 до 14 час. | 89634242434 |
| | АНСАЛТИНСКОЕ ОП | | | | | | |
| 1. | сел. Ансалта | Гасанов М. | Мичошоев Ш.А. | №1 с.Ансалта<br>(в здании ОП) | вторник<br>пятница<br>воскресенье | с 17 до 20 час.<br>с 09 до 12 час.<br>с 10 до 14 час. | 89883032111 |
| 2. | сел. Рахата,<br><br><br>сел. Тандо | Мичошоев Ш.А. | Убайдулаев Г. | №2 с.Рахата<br>(в здании админист.) | вторник<br>пятница<br>воскресенье<br>четверг | с 17 до 20 час.<br>с 09 до 12 час.<br>с 14 до 17 час.<br>с 09 до 12 час | 89634082328<br>89285458130 |
| 3. | сел. Шодрода<br><br><br><br>Зибирхали<br><br>Беледи. | Убайдулаев Г. | Гасанов М. | №3 с.Шодрода (в здании админист.) | вторник<br>пятница<br>воскресенье<br><br>первый четверг месяца<br>последний четверг месяца | с 17 до 20 час.<br>с 09.до 12 час.<br>с 14 до 17 час<br><br>с 14 до 17 час.<br><br>с 09 до 12 час. | 89640221733 |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| АНДИЙСКИЙ ТПП | | | | | | | |
| 1. | сел. Анди, Цибильта<br><br><br>Гунха, | Магомедмухтаров А. | Ахмедов Р.М. | №1с.Анди<br>(в здании админист.) | понедельник<br>пятница<br>воскресенье<br>вторник | с 17 до 20 час.<br>с 09.до 12 час.<br>с 10 до 14 час.<br>с 14 до 17 час | 89285089494 |
| 2. | Гагатли<br><br>Чанко | Ахмедов Р.М. | Магомедмухтаров А. | №2с.Гагатли<br>(в здании админист.)<br>с.Чанко (в здании адм. | вторник<br>пятница<br>суббота<br>четверг | с 17 до 20 час.<br>с 09.до 12 час.<br>с 14 до 17 час.<br>с 14 до 17 час. | 89634082331 |
| 3. | Риквани,<br><br>Ашали | Нажмудинов Х.Т. | Алдатов М.М. | №3 не обеспечен | вторник<br>пятница<br>четверг<br>воскресенье | с 17 до 20 час.<br>с 09 до 12 час.<br>с 10 до 14 час.<br>с 10 до 14 час | 89064472769 |
| 4 | Зило<br><br>Кижани | Алдатов М. | Нажмудинов Х.Т | №4с. Зило (в здании администр) | вторник<br>пятница<br>четверг<br>суббота | с 17 до 20 час.<br>с 09 до 12 час.<br>с 14 до 17 час.<br>с 10 до 14 час | 89634260701 |

**Начальник ОУУП и ПДН ОМВД России по Ботлихскому району подполковник полиции М.А.Азаев**

# ПРОВОДИТСЯ ОПЕРАЦИЯ «ОРУЖИЕ-ВЫКУП»

С 18 мая по 31 декабря на территории республики в соответствии с приказом МВД по Республике Дагестан от 15 мая 2015г. № 999 проводится операция «Оружие-выкуп», по возмездному выкупу у населения незаконно хранящегося огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ.

Прием и первичное оформление добровольно сданных предметов вооружения осуществляется оперативным дежурным в территориальном органе по месту их сдачи.

При приеме оружия у населения необходимо выдавать гражданам, добровольно сдавшим в ОМВД на возмездной основе незаконно хранящееся огнестрельное оружие, боеприпасы и взрывчатые материалы, следующие документы:

1. Копию заявления о добровольной сдаче оружия;
2. Квитанцию, предусмотренную приказом МВД России от 17 декабря 2012г. № 1107 (Согласно пункту 20 указанного приказа квитанцию необходимо отдельно оформлять на каждую единицу оружия, боеприпасы и патроны к оружию одного вида, калибра, партии изготовления, завода-изготовителя и года изготовления, а также на каждую единицу взрывных устройств и взрывчатые вещества);
3. Копию постановлений об отказе в возбуждении уголовного дела.

После получения указанных документов гражданин, добровольно сдавший оружие, боеприпасы, взрывчатые вещества или взрывные устройства, обращается в Министерство Юстиции Республики Дагестан (далее – Минюст РД) с заявлением, оформленным по форме согласно (приложению № 1), с приложением копий следующих документов:

- копии паспорта;
- копии страхового свидетельства государственного пенсионного страхования (при наличии);
- копии свидетельства о постановке на учет в налоговом органе физического лица по месту жительства на территории Российской Федерации (при наличии);
- копии заявлений о добровольной сдаче оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ или взрывных устройств в ОМВД;
- квитанции на принятое в органе внутренних дел Республики Дагестан оружие, боеприпасы, взрывные устройства, взрывчатые вещества;
- постановление об отказе в возбуждении уголовного дела.

Заявление и прилагаемые к нему документы могут быть представлены в Минюст РД лично гражданином, по адресу **г.Махачкала, ул.Гагарина, тупик №6, либо направлены по почте.**

Денежная выплата осуществляется за счет средств, предусмотренных республиканским бюджетом Республики Дагестан на финансирование государственной программы Республики Дагестан «Обеспечение общественного порядка и противодействие преступности в Республике Дагестан на 2014-2017 годы», утвержденной постановлением Правительства Республики Дагестан от 13.12.2013 г. № 661.

Выплата денежных средств осуществляется Минюстом РД в размере, установленном в таблице (приложение №2) гражданам, добровольно сдавшим незаконно хранившееся у них оружие, боеприпасы, патроны, взрывчатые вещества или взрывные устройства, достигшим 18 лет, местом постоянной регистрации которых является Республика Дагестан.

Денежное вознаграждение не выплачивается за сданное оружие, боеприпасы, патроны, взрывчатые вещества или взрывные устройства в неисправном состоянии либо непригодном для использования по основному назначению.

При не подтверждении права гражданина на получение денежной выплаты Минюст РД направляет заявителю почтой письмо об отказе в денежной выплате с указанием причин этого отказа.

***Приложение №2***

## Размер денежной выплаты

| № п/п | Наименование оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ | Цена в руб. |
|---|---|---|
| 1. | **Пистолет или револьвер** | **15000** |
| 2. | **Автомат** | **20000** |
| 3. | **Пулемет** | **25000** |
| 4. | **Подствольный гранатомет ГП-25 и ГП-30** | **15000** |
| 5. | **Гранатомет РПГ-7, 7В и 27** | **17000** |
| 6. | **Одноразовый гранатомет РПГ-18, 22, 26, 27** | **15000** |
| 7. | **Винтовка СВД** | **25000** |
| 8. | **Пистолет-пулемет** | **15000** |
| 9. | **Охотничий карабин** | **6000** |
| 10. | **Охотничье гладкоствольное ружье** | **3000** |
| 11. | **Газовые пистолеты и револьверы отечественного производства** | **1000** |
| 12. | **Газовые пистолеты и револьверы иностранного производства** | **1000** |
| 13. | **Пистолеты и револьверы кустарного производства** | **1000** |
| 14. | **Самодельное стреляющее устройство** | **500** |
| 15. | **Взрывчатое вещество (тратил, аммонит, гексоген и др. ВВ) за 1 грамм** | **5** |
| 16. | **Взрывное устройство (устройство, включающее в себя ВВ и СВ)** | **2000** |
| 17. | **Средство взрывания (электродетонатор, капсюль-детонатор, взрыватель в шт., огнепроводные и электропроводные шнуры в м.) за единицу** | **200** |
| 18. | **Штатный боеприпас (выстрелы к артиллерийскому вооружению)** | **2000** |
| 19. | **Выстрел к РПГ** | **2000** |
| 20. | **Огнемет РПО-А** | **10000** |
| 21. | **Выстрел к гранатомету (ВОГ-30, 25, 25П)** | **1500** |
| 22. | **Граната (Ф-1, РГО, РГН, РКГ-3ЕМ, РГ-42)** | **1500** |
| 23. | **Мина инженерная (саперные мины)** | **1000** |
| 24. | **Патроны и боеприпасы к боевому стрелковому оружию** | **5** |

# РЕШЕНИЕ

от 19 мая 2015 г. N 17_

## ОБ УТВЕРЖДЕНИИ СХЕМЫ ИЗБИРАТЕЛЬНЫХ ОКРУГОВ И ИХ ГРАНИЦ В СЕЛЬСКОМ ПОСЕЛЕНИИ «СЕЛЬСОВЕТ БОТЛИХСКИЙ»

В соответствии с Федеральным законом от 6 октября 2003 года № 131- ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Федеральным законом от 12 июня 2002 года № 67-ФЗ «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации» и Уставом МО «Сельсовет Ботлихский» сельское собрание депутатов **решает:**

Утвердить схему 15 одномандатных избирательных округов для проведения выборов депутатов Собрания депутатов сельского поселения МО «сельсовет Ботлихский», согласно приложению 1 к настоящему Решению.

Османов М. М.
(Председатель сельского собрания)

**Приложение 1**
**к Решению ССД №17**
**от 19.05.2015г.**

## Схема
## 15 одномандатных избирательных округов для проведения выборов депутатов Собрания депутатов сельского поселения МО «сельсовет Ботлихский»

| № окру-га | Наименование округа | Количество мандатов | Описание границ избирательных округов | Численность избирателей |
|---|---|---|---|---|
| 1 | «Инха» | 1 | а) авал «Цагъуна»<br>б) территория по правый берег речки «Чанковка» вверх по течению<br>в) жилой массив в районе «Подстанция»<br>г) авалы «Инхе», «К1оркье» и далее все домостроения по правую сторону ул. Ботлихская до Мечети имени Бадрудина-Афанди<br>д) правая сторона внутрихозяйственных автодорог от домостроения Чеэраева Чеэрава до домостроения Аминова Курбана. | |
| 2 | «Къарулъи» | 1 | а) местность «Къарулъи» в пределах границ домостроений Гусейнова Гасана - Бураганова Зуку-Магомеда – Измаиловой Хадижат Абдулмуслимовны<br>б) местность «Къарулъи» в пределах границ домостроений Набиева Лабазана - Гусейнова Магомеда – мечети – Манапова Рашида, далее по правой стороне пешеходной дороги до домостроения Гасанова Г1арбали<br>в) территория в пределах границ домостроения Алиева Хамдулы – Абакарова Камалудина (парикмахерская) – сельский магазин – домостроение Алидибирова Алидибира - Гасанова Магомеда Омаровича – Чеэраева Магомеда | |
| 3 | «Гьеква» | 1 | а) авалы «Гьеква», «Гьунч1ахулу»<br>б) левая сторона улицы от домостроения Шахрудинова Шарудина до домостроения Бураганова Лабазана<br>в) от домостроения Шахрудинова Шарудина до домостроения Абакарова Магомедкамиля<br>г) жилой массив с ориентирами домостроение Миртаевой Патимат – домостроение Исаева Магомеднура – домостроение Шахбановой Сакинат | |
| 4 | «Инкуба» | 1 | а) левый берег речки «Бакьур» от домостроения Дибировой Самзат до домостроения Хаджишалапова Магомедкамиля<br>б) от домостроения Дибировой Самзат правая сторона улицы Ботлихской до здания администрации МО «сельсовет Ботлихский»<br>в) от здания администрации МО «сельсовет Ботлихский» правая сторона улицы центральная до стадиона<br>г) местность «Рекъач1у ресхе», «Игьурде» от домостроения Кабулаева Багадура до домостроения Закрикаева Закрики и Магомаева Магомеднаби | |
| 5 | «Базар» | 1 | а) многоквартирные жилые дома<br>б) территория от домостроения Абдулбасировой Патимат до домостроения Митарова Сагидахмеда, домостроения до стадиона<br>в) авалы «Базар», «Хахаракъе», «Хъалахъач1и»<br>г) конец границы домостроения Магомаева Омардибира | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 6 | «Адинчо» | 1 | а) авал «Адинчо» границы в пределах домостроений Магомедова Магомедмухтара (местность «Сарулъи баган») по левой стороне улицы до домостроения Ахмедова Газиява<br>б) от домостроения Ахмедова Газиява до домостроения Джамалудинова Магомеда (фис) и далее по правой стороне вниз. | |
| 7 | «Цанахи» | 1 | а) авалы «Цанахи», «Базар», «Чиртикьи», «Чирте»<br>б) начало границы домостроения Хадисовой Умукусум, далее по правой стороне внутрихозяйственной дороги до улицы Центральная<br>в) от домостроения Зикулаева Магомедкамиля до магазина Гаджимагомедова Раджаба («Чирте»)<br>г) от магазина Гаджимагомедова Раджаба («Чирте») правая сторона улицы Ботлихская до домостроения Азаева Магомедрасула.<br>д) от домостроения Магомедова Камалудина (полтора) по левой стороне дороги, до домостроения Азаева Магомедкамиля. | |
| 8 | «Себарда» | 1 | а) Правая сторона ул. Ботлихская от домостроения Азаева Магомедрасула до домостроения Магомедова Бадави<br>б)леваясторонаулицыБотлихскаяотдомостроения Чупанова Джамбулата до домостроения Магомаева Магомеда Абдулмажидовича<br>в) авалы «Себарда», «Инци микьи», «Сирахи», район универмага<br>г) многоквартирный жилдом «Азбар» возле поликлиники | |
| 9 | «Хамашура» | 1 | а) начало границы территории спортзала БСШ №1, авал «Хамашуру»<br>б) местность в границах «Лесхоз» - Детсад «Чебурашка», далее по улице Ботлихская до моста через речку «Бакьур» | |
| 10 | «Гьикъиква» | 1 | а) местность «Нижний аул» по левый берег речки «Бакьур»<br>б) домостроения Нурмагомедовой Айщи, Якубова Али до старой мечети<br>в) все домостроения от дома Хайбулаева Саида до местности «Каримкъват1а» (Зикулаев Муртуз) | |
| 11 | «Микрорайон «А»» | 1 | а) начало границы: автомобильный мост «Сарулъи баган»<br>б) авалы «Инкубакьи», «Пожарная часть», «аэропорт», «микрорайон»<br>В) граница в пределах «микрорайона» от кафе «Смак» правая сторона внутрихозяйственной дороги до домостроения Хайбулаева Хайбулы, далее до домостроения Нурмагомедовой Мадины | |
| 12 | «Микрорайон «Б»» | 1 | а) Чётная сторона улицы И. Шамиля до перекрестка с улицей Свободы<br>б) многоквартирные жилые дома и домостроения по нечетной стороне ул. Свободы, далее правая сторона внутрихозяйственной дороги до домостроения Гаирбекова Расула<br>в) жилой массив между домостроением Гаирбекова Расула и многоквартирным жилым домом №8<br>г) левая сторона внутрихозяйственной автодороги, примыкающая к улице Шамиля до многоквартирного жилого дома №8 | |
| 13 | «Микрорайон «В»» | 1 | а) начало границы: угол улицы Шамиля и Свободы<br>б) чётная сторона улицы Шамиля от РОВД до домостроения Алиева Айдемира<br>в) от РОВД до домостроения Набиюлаева Гамбулата<br>г) МКД, частный сектор до кафе «Эверест»<br>д) территория военного городка<br>е) территория с. Ашино | |
| 14 | «Микрорайон «Г»» | 1 | а) вся территория «микрорайона»по чётной стороне улицы Шамиля<br>б) начало границы округа: автостанция, конец границы: АЗС Магомедова Омара | |
| 15 | «Тасута» | 1 | а) территория с. Тасута | |
| Итого: | | | | |

## Колонка прокурора

**Прокуратура района в судебном порядке потребовала принять меры по антитеррористической защищенности зданий дошкольных образовательных учреждений Ботлихского района.**

Проведенной прокуратурой района проверкой исполнения требований законодательства о противодействии терроризму и повышению уровня антитеррористической защищенности в дошкольных образовательных учреждениях установлено, что вопреки требованиям законодательства о противодействии терроризму в 14 дошкольных образовательных учреждений района не обеспечены системой видеонаблюдения, голосовым оповещением и тревожной кнопкой.

Отсутствие видеонаблюдения, голосового оповещения и тревожной кнопки может повлечь нарушение прав граждан на охрану жизни и здоровья, обеспечение защиты угроз террористического характера.

По результатам проверки прокуратура района обратилась с исковым заявлением в суд в интересах неопределенного круга лиц, о признании незаконным бездействие муниципальных казенных образовательных учреждений района, и обязать МКДОУ устранить указанные нарушения и оборудовать здания и прилегающие территории МКДОУ системой видеонаблюдения, голосового оповещения и тревожной кнопкой.

Требования прокурора судом удовлетворены в полном объеме. На дошкольные образовательные учреждения судом возложены обязанности по устранению указанных нарушений.

Судебное решение вступило в законную силу.

**Прокуратура района в 2015 году направила в суд 4 уголовных дела по факту злостного уклонения от уплаты алиментов по решению суда средств на содержание несовершеннолетних детей.**

По фактам злостного уклонения от уплаты алиментов по решению суда средств на содержание несовершеннолетних детей судебными приставами за 5 месяцев 2015 года возбуждено 5 уголовных дел по ч.1 ст.157 УК РФ.

Уголовная ответственность за злостное уклонение от уплаты алиментов, по решению суда средств на содержание несовершеннолетних детей предусмотрено наказание в виде исправительных работ на срок до одного года, либо принудительных работ на тот же срок, либо арестом на срок до трех месяцев, либо лишением свободы на срок до одного года.

По всем уголовным делам вынесены обвинительные приговора.

**И.О. прокурора района младший советник юстиции Д.А. Джабраилов**

## *Призалъулал бакIал ккуна*

Болъихъ ва АнсалтIа спортшколазул гугарухъабаздаса гIуцIараб нилъер районалъул командаялъ 19-21 маялъ гIахьаллъи гьабуна 1999 ва гьелдаса гIодорегIан соназ гьарурал гIолилазда гьоркьоб Казбек районалъул Дылымалда эркенаб гугариялъул рахъалъ тIобитIараб Республикаялъул чемпионаталда.

Нилъер спортсменаз гьениб ккуна 4 призалъулаб бакI: Митаров Митарица (тренер ХIасанов ХIажимурад) ккуна кIиабилеб бакI, ХIусенов МухIамадица (тренер ГIабдулаев ХIажимурад), ГIисаев Рамазаница (тренер ГIалимирзаев Ражаб) ва ГIисалдибиров МухIамадкамилица (тренер МухIамадов МухIамадхIажи) ккуна лъабабилел бакIал. Бергьаразе кьуна рекъараб даражаялъул медалал ва дипломал, гьединго гIарцулал премиябиги.

Баркула спортсменазда ва гьезул тренеразда росарал бергьенлъаби. Гьарула сахлъиги ва жеги даража тIадегIанал бергьенлъабиги.

***Л. ЛАБАЗАНОВ,***
***АнсалтIа ДЮСШялъул директор.***



## Объявление

Отделом военного комиссариата Республики Дагестан по Ботлихскому и Ахвахскому районам проводится отбор кандидатов в следующие Военно-образовательные организации высшего профессионального образования Министерства обороны Российской Федерации (ВОО ВПО МО РФ):

**Военная академия радиационной, химической, биологической защиты (г. Кострома);**
**ВУНЦ ВВС «Военно-воздушная академия» (г. Воронеж);**
**ВУНЦ ВВС «Военно-воздушная академия» (филиал г. Краснодар);**
**ВУНЦ ВВС «Военно-воздушная академия» (филиал г. Сызрань);**
**ВУНЦ ВВС «Военно-воздушная академия» (филиал г. Челябинск);**
**ВУНЦ ВМФ «Военно-морская академия» (г. Санкт-Петербург)**
**Военный институт (военно-морской);**
**ВУНЦ ВМФ «Военно-морская академия» (филиал г. Калининград);**
**Черноморское высшее военно-морское училище (г. Севастополь);**
**Военная академия РВСН (г. Москва);**
**Военно - космическая академия (г. Санкт-Петербург);**
**Военная академия воздушно-космической обороны (филиал г. Ярославль);**
**Военная академия связи (филиал г. Краснодар);**
**Череповецкое высшее военно-инженерное училище радиоэлектроники (г. Череповец, Вологодская область).**

Желающие поступить в вышеназванные ВОО ВПО МО РФ могут обратиться до 20 июня 2015 г. **в отдел** военного комиссариата Республики Дагестан по Ботлихскому и Ахвахскому районам для оформления документов.

2003 соналъ Болъихъ №1 гьоркьохъеб школалъ ГIамирханов Шамиль МухIамадкамиловичасул цIаралда кьураб №0308174 аттестат билун буго.

Жакъа къоялдаса нахъе гьеб **хIакъикъияб гуреблъун** рикIкIуна.

*Газета гIуцIарал:* Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив

*Учредители:* Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

***БетIерав редактор* ГI. ГIумаханов**
***Редакторасул заместитель* А. Агъларов**
***Жавабияй секретарь* З.ГIумарова**
***Отделалъул редакторал* Ш. Лабазанов, П. Дибирова**

**ГЬУДУЛЛЪИ**
***Тираж 1000***

**Мухбирзаби**
***З.МухIамадова/М.ГIумаханова***
**Наборщица** П. Эльдарова
**Фотокорр.** Ш.Муртазалиев
**Дизайнер** А. Назирбекова
**Программист** А. Ибрагьимова

*Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.*
*Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6*

*Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ. Регист. ПИ № 10 - 4614*

*Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.*

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*